



## Antant Tit I pou pwofesè, elèv ak paran yo – 2017-2018

**Misyon ak filozofi:** A.D. Henderson University School / FAU High School genyen yon misyon divize an twa nivo: (1) parèt kòm yon espas eskperimantal pou fòmasyon pwofesè yo; (2) pèmèt prepare pwogram etid jeneral yo; epi (3) se pou kapab fè rechèch (F.S. 228.053). Touletwa nivo sa yo nan misyon an chita sou yon pwen fondamantal ki se fòm elèv A.D. Henderson University School / FAU High School yo pou yo kapab rive devlope tout kapasite yo gen lakay yo. Vizyon an sè ke nan zafè edikasyon, objektivite la se pou kreye yon bon anviwonman ki san danje pou elèv yo kapab devlope yon seri abilite, aprann yon seri konesans, epi devlope estrateji ki nesèsè pou fonksyone kòm manm responsab epi ki ap bay rezilta nan sosyete a. Lekòl nou an estriktire yon fason pou kreye yon anviwonman ki la pou ankouraje epi devlope tout kapasite ki kay chak elèv nan domèn akademik, entèlektiyèl, emosyonèl, sosyal ak fizik.

### Kòm yon pwofesè ki reprezante lekòl la, mwen (non ou an lèt detache) \_\_\_\_\_, pral

- Kwè ke chak elèv gen kapasite pou aprann
- Montre respè mwen anvè chak elèv ansanm ak fanmi li tou
- Kreye yon anviwonman ki fasilite pwosesis aprantisaj la
- Bay devwa lakay ki apwopriye epi ki fè sans pou elèv la
- Toujou kontinye ranfòse prensip nan klas yo ak lekòl la san patipri
- Kenbe yon kominikasyon ki louvri ak elèv yo ansanm ak paran oswa gadyen legal yo a
- Chèche fason mwen kapab fè paran yo patisipe nan aktivite lekòl la
- Pa divilge enfòmasyon sou vi prive elèv yo

### Kòm elèv, mwen (non ou an lèt detache) \_\_\_\_\_, pral

- Toujou fè efò mwen pou mwen bay meyè de mwen nan devwa mwen yo ak nan konpòtman mwen genyen
- Travay ansanm ak kamarad mwen yo epi ankouraje yo tou
- Aji ak respè anvè tèt mwen, lekòl mwen, epi lòt moun ansanm ak paran mwen yo tou
- Toujou fyè de lekòl mwen an
- Vini lekòl la prepare ak devwa mwen yo tou fèt, zouti mwen yo, epi abiye korèkteman selon règ sou jan pou abiye yo
- Kwè ke mwen kapab e ke map rive aprann
- Konfòme mwen ak règleman lekòl la ak distrik la epi règ nan klas la tou
- Patrisipe nan espò chak jou otan mwen kapab

### Kòm paran/gadyen legal, mwen (non ou an lèt detache) \_\_\_\_\_, pral

- Asire mwen ke timoun mwen an ale lekòl chak jou epi a lè
- Kreye yon anviwonman nan kay la ki ankouraje pitit mwen an pou li aprann
- Ankouraje pitit mwen an fè tout devwa yo ba li pou lakay epi pou li rete motive pandan lap pran responsablite sa li menm lè li ap grandi epi vin gen plis matirite
- Kominike souvan ak pwofesè timoun mwen an
- Sipòte lekòl la nan parèt kom yon modèl ki gen bon konpòtman
- Pale ak timoun mwen an konsènen aktivite li gen lekòl li chak jou
- Ankouraje timoun mwen an li epi travay egzèsis matematik nan kay la
- Veye, si sa nesèsè, jan timoun mwen an ap sèvi ak teknoloji
- Montre respè epi sipòte timoun mwen an, pwofesè a, ak lekòl la
- Sipòte timoun mwen an, lè sa posib, nan tout lòtaktivite ki pa nan pwogram akademik la li gen pou fè

**Pwofesè:** (Siyati) \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

**Elèv:** (Siyati) \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

**Paran/Gadyen legal:** (Siyati) \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

***Nap mande paran yo pou regade dokiman sa avèk timoun yo, siyen li epi fè timoun ou an siyen li tou. Retounen li bay pwofesè timoun ou an pou rive nan dat lendi 6 novanm 2017.***

**\*\*\*PWOFESÈ YO: NAP MANDE POU RETOUNEN FÒMILÈ YO RANPLI DEPOZE NAN RESEPSYON AN \*\*\***

Yon pwogram tit I pou ede yon kategori espesifik